

FEMA Anonse Sispansyon Lwaye pou Sivivan Katastwòf yo

Release Date: Avril 9, 2020

FEMA ap pibliye yon sispansyon pwovizwa sou lwaye pou sivivan **katastwòf k ap viv nan lojman FEMA yo** nan eta sila yo:

- California
- Florida
- North Carolina
- Texas

Sa pral ede soulaje difikilte finansye sivivan yo genyen akòz pandemi coronavirus (COVID-19) la. Sispansyon an aplike pou **lwaye sèlman**; yo **prevwa pou yo rekòmanse** kolekte lwaye **nan dat 1ye jiyè**.

Kisa moun k ap viv nan lojman FEMA yo ka prevwa?

FEMA pral voye yon lèt nan lapòs pou tout lokatè ki afekte yo osijè sispansyon lwaye yo.

Sivivan ki gen kesyon yo kapab rele liy asistans telefonik FEMA a nan 800-621-3362 oubyen TTY 800-462-7585. Moun ki itilize 711 oubyen Sèvis Relè nan Videyo yo kapab rele 800-621-3362.

Kontèks:

Aprè yon Deklarasyon Katastwòf Grav, si kay yon sivivan andomaje oubyen l detwi e sivivan an pa kapab jwenn yon lòt kote san danje pou l viv, li ka elijib pou yon inite lojman pwovizwa. FEMA bay lojman pwovizwa, sèvis piblik ak antretyen gratis pandan jiska 18 mwa apre dat yo deklare katastwòf la. Annechanj, se pou sivivan yo fè efò pou yo konplete reparasyon esansyèl nan kay yo oubyen pou yo jwenn lòt lojman apwopriye. Se pou sivivan yo respekte règleman ak kondisyon FEMA yo tou pou yo viv nan inite lojman pwovizwa yo, ki gen ladan yo respekte lwa federal, lwa leta ak lwa lokal yo, ak nenpòt règ pwopriyetè pak la etabli si inite



FEMA

Page 1 of 2

a sitiye nan yon pak komèsyal.

Si apre 18 mwa, FEMA pwolonje asistans lojman dirèk la e sivivan an pa kapab retounen lakay li oubyen l pa kapab jwenn yon lòt kote pou l viv, li ka rete nan lojman FEMA a men l ap peye lwaye dapre Lwaye Rezonab sou Mache a (Fair Market Rent, FMR) la, jan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (U.S. Department of Housing and Urban Development) etabli l la. FEMA diminye montan lwaye pou sivivan ki montre yo pa kapab peye montan sa a akòz sitiwayon finansye yo.

Sivivan ki genyen avantaj asirans ki kouvri depans adisyonèl pou yo viv yo oblije peye FEMA lwaye jiska montan FMR la oswa montan avantaj sa yo (kèlkeswa montan ki pi ba a) pou evite yon diplikasyon nan avantaj asirans yo ki entèdi dapre lalwa. Sivivan k ap fè peman sa yo dwe kontinye fè yo jouk avantaj depans adisyonèl pou yo viv yo fini.

###



FEMA

Page 2 of 2